

WIN

**PWOGRAM ANKOURAJMAN
POU UTILIZASYON DLO
(WIN, AN ANGLE)**

KISA WIN YE?

WIN se yon pwogram ankourajman pou dlo Vil Salisbury ofri. Li bay fanmi vil la èd finansye jiska \$2,000 pou bòdwo dlo ak fakti pou kanalizasyon yo.

KIJAN POU M APLIKE?

ANLIY

 [SALISBURY.MD/WIN](https://salisbury.md/win)

AN PÈSONN

Wicomico County Department of Social Services (201 Baptist Street, Ste. 27, Salisbury, MD 21801).

PA LAPÒS

Tanpri kontakte Depatman Sèvis Sosyal la oswa bòdwo sèvis piblik vil Salisbury (125 N. Division Street, Room 103, telefòn: 410- 548-3115).

ÈSKE MWEN KALIFYE POU PWOGRAM LA?

Pou yo kalifye, aplikan yo dwe satisfè kritè sa yo:

- Rezidan Maryland ki gen yon bòdwo dlo ak/oswa fakti kanalizasyon sou non yo Vil la te pibliye. Moun k ap aplike a dwe abite nan kay y ap bay èd la. Ni lokatè yo ni pwopriyetè kay la ka aplike.
- Dwe soumèt bòdwo dlo ak/oswa fakti kanalizasyon ki pi resan an.
- Revni total nan kay la (30 jou anvan yo) pa ta dwe depase limit revni brit la ki se 60% Revni Medyàn Eta a.
- Aplikan yo ka kategorikman kalifye si yo (oswa yon moun nan kay yo) ap resevwa youn nan benefis sa yo nan moman aplikasyon an:
 - ✓ Low Income Household Energy Assistance (**MEAP**)
 - ✓ Supplemental Nutrition Assistance (**SNAP**)
 - ✓ Temporary Cash Assistance (**TCA**)
 - ✓ Temporary Disability Assistance (**TDAP**)
 - ✓ Supplemental Security Income (**SSI**)
 - ✓ Emergency Rental Assistance (**ERAP**)
 - ✓ Means Tested Veteran Benefits (**MTVB**)
- ★ Yon aplikan ka kalifye jiska \$2,000 peman anyèl yon sèl fwa kòm èd (si nou sipoze pwopriyete a pa gen okenn flit) ak jiska \$1,000 peman anyèl yon sèl fwa (si nou sipoze pwopriyete a gen yon flit). Kantite èd la limite ak chaj aktyèl sou dlo ak/oswa bòdwo kanalizasyon.

**REVNI BRIT MAKSIMÒM CHAK MWA (ANVAN TAKS)
ESTANDA REVNI POU KAY**

DISMANSYON KAY LA (KANTITE MOUN)	REVNI KAY LA
1	\$3,574 / mwa
2	\$4,639 / mwa
3	\$5,730 / mwa
4	\$6,822 / mwa
5	\$7,913 / mwa
6	\$9,005 / mwa
7	\$9,209 / mwa
8	\$9,414/ mwa

Efektif 1ye oktob 2023 rive jounen jodi a, baze sou 60% Revni Medyàn Eta a. Pou chak lòt manm nan kay la, ajoute 205 pa mwa.

OU GEN KESYON?

Kontakte Vil Salisbury.
410-548-3115
finance@salisbury.md

